

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang

Dina kahirupan tradisional, sastra dalit jeung kahirupan masarakat sapopoé. Contona waé: indung nu mangdongéngkeun atawa mépéndé anakna méméh saré, bapa nu ngawuluku bari kakawihan, barudak di sawah nu silih senggak kakawihan jeung olé-oléan, dukun nu ngalalarkeun paneluhan, atawa nini nu mapatkeun jangjawokan waktu ngisikan. Kalayan sadar atawa henteu di masarakat tradisional sastra téh jadi kagiatan nu dipigawé babarengan. Sastra di masarakat tradisional sipatna anonim, henteu saperti di masarakat modern, sastra téh jadi kagiatan pribadi nu aya patalina jeung pernyataan diri atawa hak cipta. Dina kahirupan tradisional, sastra mangrupa bagian nu henteu bisa dipisahkeun sacara lahiriah tina kapercayaan, pakasaban, kaulinan, jeung dina widang lianna (Isnéndés, 1998, kc. 1-2).

Dumasar kana éta katerangan, sastra dina kahirupan masarakat tradisional, hususna masarakat Sunda, jadi bahan ulikeun sarta lenyepaneun anu luhung. Salasahiji sastra anu dalit jeung kahirupan masarakat tradisional anu kasabit di luhur di antarana paneluhan jeung jangjawokan, anu disebut ogé mantra. Mantra téh karya sastra Sunda anu mangrupa hégémoni dina mangsana. Kiwari gé masih aya kénéh sésa-sésa tina murbana éta mantra di lingkungan masarakat Sunda (Isnéndés, 2009). Mantra ogé mangrupa genre puisi anu jadi puseur panitén masarakat. Lain ukur di tanah Sunda, tapi ogé ampir di sakuliah Nusantara, puisi mantra masih dipaké sarta jadi kareueus hiji kelompok masarakat nu tangtu (Isnéndés, 2010, kc. 100).

Di Kacamatan Cisitu Kabupatén Sumedang, masih aya sawatara masarakat anu percaya kana mantra, di antarana waé sok datang ka para sesepuh anu dipercaya boga pangabisa pikeun: tatamba upama aya nu katerap panyakit, ménta pangmatangankeun barang atawa jalma nu leungit, ménta jampé upama rék

nyawah atawa ngebon, ménta jampé upama boga pamaksudan sangkan sagala urusan lungsur-langsar, jeung réa-réa deui.

Topografi Kecamatan Cisitunurutkeun *Badan Pusat Statistik Kabupaten Sumedang* mangrupa wilayah dataran tinggi, réa lahan pasawahan, kebon jeung pasir. Sawatara masarakatna dina tatanén masih nyekel pageuh tali paranti, di antarana kudu mapatkeun mantra dina unggal kagiatan sarta ngamimitian hiji pagawéan, sanajan teu satartib jaman baheula, sarta rada béda carana. Baheula mah upama usum panén téh, ti kajauhan témbong umbul-umbul beureum bodas digantélan eunteung nu gugurilapan katojo ku sarangéngé, matak kelar, matak waas, patani nyieun saung sanggar sapuratina pikeun piisukaneun panén lengkep jeung sasajén pikeun marengan mapatkeun mantra. Kaayeunakeun mah sawatara patani téh aya nu ukur mawa menyan ka sesepuh sangkan dimantraan, anu satuluyna éta menyan kari diseungeut méméh der ngamimitian hiji pagawéan, upamana: tandur, mipit, jeung panén.

Kiwari di Kecamatan Cisitun beuki loba pangwangunan anu ngalantarankeun kadéséhna lahan tatanén jeung pasawahan. Éta hal bisa jadi salasahiji lantaran leungitna raratan mantra-mantra tatanén di ieu kecamatan. Padahal mantra téh beunghar ku: simbol, idéologi-idéologi, pranata-pranata, opini-opini, gagasan-gagasan, tingkah paripolah, jeung mangrupa *artéfak* budaya nu mangrupa wujudiah tina kabudayaan masarakat Sunda nu luhung (Isnéndés, 2009).

Kahaman mantra mangsa kiwari beuki nyirorot. Mangsa bihari kungsi jadi hégémoni sakumna masarakat, kiwari geus langka anu apal kana mantra komo para nonoman mah. Ku kituna, ieu panalungtikan perlu dilaksanakeun minangka tindak *prévéntif* sangkan éta mantra teu leungit kitu waé. Sanajan teu jadi hégémoni deui saperti dina mangsa bihari, sahenteuna ieu mantra teu leungit raratanana tur tetep dipikawanoh salaku karya sastra Sunda. Salasahiji jalan pikeun ngawanohkeun mantra salaku karya sastra Sunda téh ngaliwatan pangajaran di sakola-sakola.

Hasil panalungtikan puisi mantra téh geus aya, di antarana waé “Bagbagan Puisi Mantra Sunda” (1970) ku Yus Rusyana. Panalungtikan wangun skripsi ogé geus kungsi aya diantaranya: “Puisi Mantra pikeun Bahan Pangajaran Aprésiasi Sastra Sunda di SMP” (1997) ku Lina Hérlinawati; “Analisis Puisi Mantra di

NÉNDÉN INTAN PRAMANIK, 2014.

INVÉNTARISASI PUISI MANTRA TATANÉN DI KACAMATAN CISITU KABUPATEN SUMEDANG PIKEUN BAHAN PANGAJARAN BASA JEUNG SASTRA SUNDA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Kacamatan Nagrak Kabupatén Sukabumi” (1998) ku Rétyy Isnéndés; “Invéntarisasi Puisi Jangjawokan di Kampung Anggacarang Kacamatan Bojongloa Kidul Kota Bandung pikeun Bahan Pangajaran Aprésiasi Sastra di SLTP” (2003) ku Kiki Maria Hodijah; “Analisis Puisi Mantra di Désa Malati Kacamatan Naringgul Kabupatén Cianjur” (2004) ku Dadang Gunawan; “Puisi Mantra di Kampung Ciarileu Kacamatan Cikajang Kabupatén Garut: Invéntarisasi jeung Analisis Ajén Éstétis Struktur” (2008) ku Aneu Nurlaéla; jeung “Jangjawokan di Désa Nagrak Kacamatan Buahdua Kabupatén Sumedang pikeun Bahan Ajar Aprésiasi Sastra Sunda di kelas XII SMA Negeri 1 Cicaléngka: Ajén Struktur” (2009) ku Élis Nurhayati. Salian ti éta aya ogé dina wangun artikel “Puisi Mantra: Sisi Terapi Hiji Hegemoni Sastra Residual” (2009) ku Retty Isnéndés jeung jurnal “Puisi Mantra di Kecamatan Nagrak Kabupaten Sukabumi: Analisis Deskriptif Teks dan Konteks” dina buku “Kajian Sastra” (2010) ku Retty Isnéndés.

Tina sababaraha panalungtikan ngeunaan mantra, tacan aya anu museur kana mantra anu dipaké dina tatanén. Ieu panalungtikan dilaksanakeun pikeun ngainvéntarisasi mantra tatanén di Kacamatan Cisitu, sarta kumaha saupama éta mantra disusun pikeun bahan pangajaran Basa jeung Sastra Sunda. Ku kituna ieu panalungtikan nu judulna “Invéntarisasi Puisi Mantra Tatanén di Kacamatan Cisitu Kabupatén Sumedang pikeun Bahan Pangajaran Basa jeung Sastra Sunda” perlu dilaksanakeun.

1.2 Idéntifikasi Masalah

Dumasar kana kasang tukang nu dipedar, idéntifikasi masalah dina ieu panalungtikan téh nya éta:

- 1) puisi mantra mangrupa karya sastra Sunda anu kungsi jadi hiji hégémoni di masarakat Sunda mangsa bihari, tapi kiwari langka anu wanoh kana mantra;
- 2) kahanan puisi mantra nu kiwari beuki nyirorot, bisa ngalantarankeun leungitna raratan mantra nu kungsi hirup di masarakat Sunda;
- 3) mantra euyeub ku ajén-ajén budaya nu luhung nu perlu diulik tur dilenyepan;

NÉNDÉN INTAN PRAMANIK, 2014.

INVÉNTARISASI PUISI MANTRA TATANÉN DI KACAMATAN CISITU KABUPATÉN SUMEDANG PIKEUN BAHAN PANGAJARAN BASA JEUNG SASTRA SUNDA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- 4) mantra dalit jeung kahirupan masarakatna, kulantaran kitu téks jeung kontéks puisi mantra teu bisa dipisahkeun;
- 5) salian ti unik tur buhun mantra téh mangrupa karya sastra Sunda nu perlu diwanohkeun sarta dimumulé pikeun kabeungharan hasanah karya sastra Sunda.

1.3 Rumusan Masalah

Masalah ngeunaan mantra téh kacida jembarna, ku kituna sangkan teu lega teuing ambahanana masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina wangun patalékan di handap.

- 1) Kumaha klasifikasi data hasil invéntarisasi puisi mantra di kacamatan Cisitu Kabupatén Sumedang?
- 2) Kumaha déskripsi puisi mantra tatanén di Kacamatan Cisitu Kabupatén Sumedang?
- 3) Kumaha larapna hasil panalungtikan Invéntarisasi Puisi Mantra Tatanén di Kacamatan Cisitu Kabupatén Sumedang kana bahan pangajaran basa jeung sastra Sunda?

1.4 Tujuan Panalungtikan

1.4.1 Tujuan Umum

Tujuan umum tina ieu panalungtikan nya éta pikeun ngainvéntarisasi puisi mantra tatanén di Kacamatan Cisitu Kabupatén Sumedang.

1.4.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun maluruh sarta ngadéskripsikeun:

- 1) klasifikasi data hasil invéntarisasi puisi mantra tatanén di Kacamatan Cisitu Kabupatén Sumedang ;
- 2) puisi mantra tatanén di Kacamatan Cisitu Kabupatén Sumedang;

- 3) larapna hasil panalungtikan Invéntarisasi Puisi Mantra Tatanén di Kacamatan Cisitu Kabupatén Sumedang kana bahan pangajaran basa jeung sastra Sunda.

1.5 Mangpaat Panalungtikan

1.5.1 Mangpaat Tioritis

Ieu hasil panalungtikan téh dipiharep bisa méré sumbangsih dina ngeuyeuban pangaweruh ilmiah dina widang sastra sarta bisa ngawanohkeun karya sastra anu nyampak di masarakat utamana karya sastra buhun nu mangrupa puisi mantra.

1.5.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis nu dipiharep tina ieu panalungtikan katitén saperti di handap.

- 1) Pikeun masarakat, bisa mikawanoh salasahiji karya sastra Sunda nya éta puisi mantra utamana nu dipaké dina tatanén.
- 2) Pikeun panalungtik, ngeuyeuban pangaweruh ngeunaan karya sastra anu nyampak di masarakat Sunda tur bisa aub dina kahirupan masarakat sarta budayana.
- 3) Pikeun guru, hasil tina ieu panalungtikan dipiharep bisa dipaké pikeun bahan ajar dina pangajaran Basa jeung Sastra Sunda.
- 4) Pikeun siswa, ngaliwatan hasil tina ieu panalungtikan dipiharep bisa méré gambaran ngeunaan puisi mantra dina tatanén tur méré motivasi pikeun milu ngarojong dina usaha ngariksa budaya jeung sastra Sunda.
- 5) Pikeun nu maca, nungtun sangkan aya karep pikeun ngajembaran pangaweruh ngeunaan budaya jeung sastra Sunda sarta ngahudangkeun rasa jeung pikiran sangkan mikawanoh kana dirina tina widang sastra hususna sastra Sunda buhun nu mangrupa puisi mantra.

1.6 Raraga Tulisan

Sistematika atawa raraga tulisan anu digunakeun dina nulis ieu skripsi téh sacara gurat badagna kabagi jadi lima bab. Dimimitian ti BAB I nepi ka BAB V.

BAB I Bubuka, eusina ngeunaan kasang tukang masalah, idéntifikasi masalah, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung struktur raraga tulisan.

BAB II Kajian Pustaka, nya éta ngeunaan tatapakan tiori anu medar ngeunaan puisi mantra, tatanén, jeung bahan pangajaran basa jeung sastra Sunda.

BAB III Méthode Panalungtikan, eusina husus medar ngeunaan lokasi panalungtikan, desain panalungtikan, méthode panalungtikan, wangenan operasional, instrumén panalungtikan, jeung téhnik panalungtikan.

BAB IV medar ngeunaan Invéntarisasi Puisi Mantra Tatanén di Kacamatan Cisitu Kabupatén Sumedang pikeun Bahan Pangajaran Basa jeung Sastra Sunda.

BAB V kacindekan jeung saran, nya éta mangrupa bab pamungkas sarta gurat badag jeung intisari tina ieu skripsi. Dina ieu bab ngawengku kacindekan jeung saran.